УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№18 (13880)

Черкес хэку

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 16, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

«Урысейм и пашэхэр»

Президентым IущIащ

Ди къэралым и лIыщхьэ Путин Владимир яIущIащ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм щытекIуахэм. ЗэIущIэм ирагъэблэгъахэм яхэтащ СВО-м псэемыблэжу зи къулыкъур щезыхьэкI, Къэрэшей-Черкесым щыщ Аккао Iэмир.

«Урысейм IэщэкIэ Узэда и къарухэм къулыкъу щищIэну хыхьэн ипэ, Iэмир щылэжьащ «Южный» агрокомбинатым, итIанэ Черкесск дэт «Газпром газораспределение Черкесск» организацэм и зы къулыкъум и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэр зэрихьащ. «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм тIэунейрэ хэтащ, абы и суперфиналистуи щытащ.

Iэмир Президентыр зэрыщигъэгъуэзамкIэ, мобилизацэкIэ къулыкъум яшэну тхылъ къыщыIэрыхьэм, ауи чэнджэщ къихьакъым, унафэ захуэ къэхьынымкIэ къыщхьэпэжащ и джэлэсымрэ къулыкъум щищIам щыгъуэ зригъэгъуэта цIыхухъу хьэл-щэн нэсхэмрэ.

ИджыкIэ Iэмир ебгъэрыкIуэ батальоным и командирщ, уIэгъэ нэужьым и хэку къигъэзэжауэ зыщегъэхъуж. Iэмир Президентым фIыщIэшхуэ хуищIащ, зыхыхьэн и гугъэ «ЛIыхъужьхэм я зэман» федеральнэ программэр къызэригъэщIам папщIэ. Дэ ди лъэныкъуэкIэ, къыдэлъытауэ хъуар ди щIалэм хуэтщIэну, дыдэIэпыкъуну дыхьэзырщ!» — щитхащ Темрезов Рэшид телеграм-каналым.

Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ

Шэшэн Республикэм и Парламентым и тхьэмадэ, Урысейм и ЛIыхъужь Даудов Магомед ди щIыналъэм щыхьэщIащ.

Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ, Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Рэмзан и унафэкIэ, Урысей къэралыгъуэм зегъэужьынымрэ гъэбыдэнымрэ, узыншагъэр хъумэнымрэ медицинэ щIэныгъэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыхэжьыу, Къэрэшей-Черкесым зэIэзапIэ-зыгъэхъужыпIэ купсэм и дохутыр нэхъыщхьэ Бориспий СулътIан-Хьэмид и къуэм хэгъуэгум и нагъыщэ лъапIэр – Кадыров Ахъмэт и цIэкIэ щыIэ Орденыр къритащ.

«ФIыщIэ хузощI Рэмзан Ахъмэт и къуэм къысхуигъэфэща нагъыщэ лъапIэм папщIэ! Къэрэшей-Черкесымрэ Шэшэн щIыналъэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэр нэхъри гъэбыдэным и хэлъхьэныгъэхэм ящыщ зыуэ ар къызолъытэ.

Ди лъэпкъхэм къэхъукъащIэ зэхуэмыдэхэм епхауэ зэхуэдэ гъащIэ къагъэщIащ. Апхуэдэщ ди хэкуэгъухэр зыпхыкIа депортацэ гъэунэхунытъэр. Иужьрей илъэсхэм къигъэлъэгъуащ хэку цIыкIум хуэлэжьэнымрэ Хэкушхуэр егъэфIэкIуэнымрэ ди цIыхухэр нэхъри зэрызэкъуигъэувар.

Зэкъуэш лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм я лIыкIуэхэр – абы и щапхъэфIщ. Ноби Къэрэшей-Черкесымрэ Шэшэн Республикэмрэ икIа зауэлIхэм лIыхъужьыгъэ яхэлъу ди къэралым и хьэлэмэтхэр яхъумэ, Хэкум хуэпэжу щытын, зэкъуэшыныгъэм пщIэ хуэщIын, хэгъуэгу зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэн зэрыхуейм дыхуэзыгъасэ нэхъыжьхэм щапхъэ къытрах», — жиIащ зи щIыхьыр къыхагъэщам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэми Темрезов Бориспий СулътIан-Хьэмид и къуэм республикэм и къэрал нагъыщэр – «За заслуги перед Кабардино-Балкарской Республикой» Орденыр къызэрыхуигъэфащэмкIэ Унафэ къыдигъэкIащ, Iэпи щIидзащ.

«Къэрэшей-Черкесымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ лIыщIыгъуэ куэд мэхъури зэныбжьэгъугъэ хабзэр къадокIуэкI, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ купщIафIэу зэдолажьэ. Тхыдэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм дэ сыт щыгъуи дызэбгъэдэту, дызэгъусэу сыт хуэдэ гугъуехьри къызэднэкIащ, къуэш хэгъуэгухэмрэ псоми ди зэхуэдэ ди Хэкумрэ я зыужьыныгъэм дыхуэлэжьащ. Хэгъуэгухэм я зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэнымкIэ нэхъыщхьэу щытар, ноби къэнэжыр цIыхухэращ.

Си къуэшым — Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ — КIуэкIуэ Казбек — фIыщIэ хузощI си щхьэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэ къысхуэхъу Бориспий СулътIан-Хьэмид и къуэм гуащIэдэкI лэжьыгъэм уасэшхуэ къызэрыритам папщIэ», — КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид телеграм-каналым щиIэ и напэкIуэцIым щитхащ.

Гулъытэ

ЦIыхубэ фIыщIэ

Зыщигъэгъуэзащ

КъЧР-м и Iэтащхьэр гъатхэпэм (мартым) и 14-м УФ-м и Президент хэхыныгъэхэм республикэм щылэжьэну УИК-хэр щIиплъыкIащ.

Хэгъуэгум и лIыщхьэр щыIащ Абазэ районым хыхьэ Псыжь къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэр, къиплъыхьащ хэхыныгъэхэр здекIуэкIыну пэшхэр. Зи №74-нэ хэхыпIэ участкэм и пашэ ПщнатлIэ Маринэ зэрыжиIамкIэ, хэхыпIэхэр къызыхуэтыншэу хэхыныгъэхэм хуэхьэзырщ.

Участкэм къызэщIеубыдэ хэхакIуэ мини 2. Къызэрагъэпэщащ унагъуэхэм деж Iэ щегъэIэтын лэжьыгъэри.

Дэтхэнэ хэхакIуэми и граждан къалэнхэр тыншу игъэзэщIэным нэхъри зэрыщхьэпэныр и купщIэу, хэхыпIэ участкэхэм къыщызэгъэпэщащ кандидатхэм ятеухуа хъыбархэр, нэгъуэщIхэри здыщыгъэлъэгъуа стендхэр. Бюллетенхэр зырадзэну урнэхэр, хэхакIуэхэр зыщIыхьэну кабинэ цIыкIухэр — псори хэхыныгъэм хуагъэхьэзыращ.

Республикэм и УИК псоми хуэдэу, мыбдежми къыщызэрагъэпэщащ видеокIэлъыплъыныгъэ Iэмал къулейхэр. Участкэм щылэжьэнущ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, кандидатхэм, политикэ парткэм къабгъэдэкIа кIэлъыплъакIуэхэр.

ЕЗАУЭ Маринэ

ЗэIущIэ

ЗэхэтыкIэр хъумэным

Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым хабзэ зэхэтыкIэр щыхъумэнымкIэ щыIэ Координационнэ зэIущIэм и зэхуэс. Ар теухуат хэхыныгъэхэр щагъэхьэзырымрэ щекIуэкIымрэ хабзэ зэхэтыкIэр къызэфIэгъэкIыным.

Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщI Уэз Мурат, Къэрэшей-Черкесым и хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Абазалиевэ Ларисэ, Федеральнэ Шынагъуэншагъэ къулыкъум (ФСБ-м), къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ Министерствэм (МВД-м), къызэрымыкIуэ IуэхухэмкIэ Министерствэм (МЧС-м) Къэрэшей-Черкесым щаIэ къудамэхэм я унафэщIхэр.

— Гъатхэпэм (мартым) и 15-17 махуэхэм зэхэтынущ Урысей Федерацэм и Президентым и хэхыныгъэхэр. Ар Урысей Федерацэм и хэхакIуэ бэзым и политикэ къэхъугъэ нэхъыщхьэ къудейкъым. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ дэ псомкIи, къэралым щыпсэухэмкIи. Президентыр щыхэтхкIэ, белджылы дощI ди Хэкум адэкIэ игъуэтыну зыужьыныгъэм и кIуэрабгъур, ди сабийхэм я къэкIуэнумрэ ахэр къэрал лъэщым, шынагъуэншэм щыпсэуну лъэкIыныгъэ зэраIэмрэ, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Абы къигъэлъэгъуащ псоми ди зэхуэдэу щыт къалэныр — хэхыныгъэхэр къыщыгъунэгъу махуэхэмрэ ахэр щекIуэкIымрэ цIыхухэм я хэхыныгъэ хуитыныгъэхэр ягъэзэщIэныр къызэфIэдгъэкIыныр, жылагъуэ Iэдэбымрэ ди цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэдгъэпэщыныр.

Жэуаплыгъэ зэгъэза цIыхухэм зэIущIэм хэIущIыIу щащIащ хэхакIуэ комиссэр хэхыныгъэхэм зэрыхуэхьэзырыр, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ къэрал унафэщI къулыкъухэр, хэхакIуэ комиссэр, шынагъуэншагъэ, хабзэхъумэ къулыкъухэр, МЧС-р зэрызэдэлажьэр, щытыкIэр и пIэ къигъэкIыныр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ зэрахьэ Iэмалхэр.

ЗэIущIэм къыпэкIуахэмкIэ наIуэ ящIащ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр гъэбыдэным, хэхыныгъэхэм хэт псоми, республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ дыщIагъуэж Iэмал гуэрхэр.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Абы хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэу Щынахъуэ Кърым, Гуэнэ Игорь, Къардэн Фатимэ, "Зыуэ щыт Урысей" партым и хэгъуэгу исполкомым и тхьэмадэ Джамбаев Руслан, республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ транспортымрэкIэ и Министерствэм и лэжьакIуэхэр, «Мой бизнес» купсэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр.

ЗэIущIэм ипэ къихуэу, хьэщIэхэм зыщагъэгъуэзащ заводым къыдигъэкI продукцэм, иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэу абы игъуэтам. Абы нэхъ куууэ щигъэгъуэзащ заводым и генеральнэ унафэщI КIытIэ Аслъэн. IуэхущIапIэм къызэщIиубыдэ цех зыбжанэм къыщIагъэкI продукцэм, къагъэсэбэп технологиещIэхэм, лэжьыгъэ зэкIэлъыкIуэкIэм къахутепсэлъыхьащ унафэщIыр.

Илъэс 30 хъуауэ лажьэ заводым къэралым и ухуэныгъэ сатум и лъэр быдэу щигъэуващ. Иджырей зэманым мыбдежым къыщыщIагъэкI ухуэныгъэ пкъыгъуэ 40-м щIигъу, нэрыбгэ 400-м нэхърэ нэхъыбэ щолажьэ. IуэхущIапIэр нэхъ лъэрыхь зэрыхъур, зэрефIакIуэр нэIурыт яхуэхъуащ къеблэгъахэм.

Заводым и къызэгъэпэщакIуэ, унафэщIхэм я Советым и тхьэмадэ Аргун Олег заводым лэжьыгъэр зэрыщаухуэм, зэрекIуэкIым, «лэжьапIэт-лэжьакIуэ» зэхущытыкIэхэм къытепсэлъыхьащ.

— Заводым и лэжьыгъэр зэрыдухуэ лъандэрэ ди пщэрылъ нэхъыщхьэщ лэжьакIуэм и гуащIэм хуэфащэ пщIэр лъыгъэсыжыныр. ЛэжьакIуэ гупым я пащхьэ щыдиIэ социальнэ жэуаплыгъэр зэрытIыгъыным дыхущIокъу. Ди IуэхущIапIэм лъэкIыныгъэу нобэ иIэр зи фIыщIэр лъэпкъ куэду зэхэт ди лэжьакIуэ гупращ, — къыхигъэщащ Аргун Олег.

УнафэщIым жиIам и щыхьэту, хьэщIэхэм зыщагъэгъуазэ лэжьакIуэ гупым я шхапIэ зэтегъэпсыхьам, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм — псыутх зыхэт утыку дахэм, видеоэкранкIэ къызэгъэпэща сценэм, щысыпIэхэм. Псори цIыхум и гур къэзыIэтын, и лэжьыгъэр хуэзыгъэтыншын Iэмалщ.

«Зыуэ щыт Урысей» партым къыбгъэдэкIыу Гуэнэ Игорь «Выбирай своё» проектым и нагъыщэмрэ (вымпел) «Добросовестный работодатель» сертификатымрэ хуигъэфэщащ Хьэбэз жьпс заводым. Къыхэгъэщыпхъэщ хэгъуэгум деж щыяпэрейуэ мы заводым ар зэрылъысар.

— «Выбирай своё» проектым и мыхьэнэщ производителым и лэжьыгъэр къыхэтлъытэныр. Абы къинэмыщIауэ, гу ялъыттэн хуейщ къызэрыкIуэ лэжьакIуэхэм: абыхэм я пщIэр Iэтыным, я гуащIэдэкI лэжьыгъэр тхъумэным, дгъэгушхуэным. Мы нагъыщэхэм я купщIэр — лэжьакIуэ гупхэм, гуащIэдэкIым и ветеранхэм, гуащIэдэкIым и цIыхум я пщIэр едгъэгъуэтыжынращ. АбыехьэлIауэ Аргун Олег, абы къызэригъэпэща заводым лъэкI къигъанэкъым, — къыхигъэщащ депутатым.

АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Проект

Зыуэ щыт Урысей партым иригъэжьа «Выбирай своё» проектым ипкъ иту, Хьэбэз жьпс заводым «Технологие зыужьыныгъэ: дакIэлъымыжэу дазэрытежьын» зи фIэщыгъэцIэ зэIущIэ щекIуэкIащ.

ГуащIэр зэхэзыщIыкI

Жылагъуэ палатэм къикIыу

Зэкъуэтыныгъэр — къалэн пажэщ

Гъатхэпэм и 5-м КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм и лъабжьэр гъэбыдэным, унагъуэ фIыгъуэхэр республикэм нэхъри щыгъэбэгъуэным теухуа «Iэнэ хъурей» зэIущIэ щекIуэкIащ.

Абы хэтащ КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хубиев Марат, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хэт депутатхэр, Министерствэ зэхуэмыдэхэм я пашэхэр, ЗАГС Управленэм и унафэщIыр, динырылажьэхэр, республикэм и районхэм я администрацэхэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэр, жылагъуэ IуэхущIэхэр, республикэм и СМИ къудамэхэм къэс я журналистхэр.

Ляшовэ Еленэ пэублэ псалъэкIэ къыхигъэщащ къаIэта псалъэмакъымрэ ар зытраухуа зэIущIэмрэ я мыхьэнэр.

— Лъэпкъ куэду зэхэт ди къэрал уардэм и зэкъуэтыныгъэр дгъэбыдэныр, жылагъуэм зэгурыIуэныгъэр дяку дэлъыныр — къэрал политикэм и къалэн пажэщ. Абы теткIэрэ, жылагъуэ палатэм, зыгъэзащIэ властым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, динырылажьэхэм, псоми Iуэхуу зэдэтхьыр мащIэкъым, Къэрэшей-Черкесым мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыIэным папщIэ, — жиIащ хэгъуэгум и Жылагъуэ палатэм и пашэм.

2

— Иужьрей зэманым жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр сыт хуэдэ хэхыныгъэми къыщагъэсэбэп. Хэгъуэгухэм къыщагъэщIащ жылагъуэ штабхэр, электоральнэ экспертхэр мэлажьэ, — жиIащ НОМ-м хэт эксперт, КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм и эксперт гупым и унафэщI Щербинэ Еленэ.

Жылагъуэм къыбгъэдэкIыу хэхыныгъэхэм кIэлъыплъыныгъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ хэгъуэгу нэхъ пашэхэм Къэрэшей-Черкесыр зэрахэтыр, кIэлъыплъыныгъэхэр нэхъ лъэрыхьу къыздызэгъэпэща къэралу Урысейр зэрыщытыр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэм ехьэлIа хабзэхэр фIыуэ зэрылажьэр къыхигъэщащ республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Кургинян Гарик.

ЗэIущIэм хэтхэр жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэхэр хэхыныгъэхэм къызэрыщагъэсэбэпынум теухуауэ Брод Александр и «Золотой стандарт» къэпсэлъэныгъэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм щыгъэнэIуащ хэхыныгъэм хэтынымкIэ жуналистыр а IэнатIэм зэрыпэрытауэ щытын хуей пIалъэр, зытетыпхъэ хабзэ-бзыпхъэхэр. А псори щхьэпэнущ хэхыныгъэ кампанэр бэIутIэIуншэу екIуэкIыным, — жиIащ Джанкезовым.

Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академием КъЧР-м и Жылагъуэ штабым зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м и Президентым егъэщIылIауэ лажьэ, граждан жылагъуэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэкIэ Советым и тхьэмадэ Брод Александр, НОМ-м и экспертхэр, мобильнэ, мониторинг, юридическэ, хъыбарегъащIэ гупхэм хэтхэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэм я егъэджакIуэ — гъэсакIуэхэр.

Хабзэр и лъабжьэу

ЗэIущIэм хэтхэм видеоконференц зэпыщIэныгъэм тету закъыхуигъэзащ Брод Александр. Абы къыхигъэщащ хэхыныгъэ кампанэр республикэм фIагъ лъагэ иIэу зэрыщекIуэкIыр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэм хэхыныгъэхэм деж къалэнышхуэ зэрахьыр.

— УФ-м и Президент хэхыныгъэхэр йокIуэкI дызижагъуэ хамэ къэралхэм я текъуэзныгъэ къызэрымыкIуэхэм, хъыбар нэпцIхэр къэгъэщIыным и бжьым щIэту. Апхуэдэ щытыкIэ зэхэщIыхьам деж хабзэм дытетым и мыхьэнэр нэхъри хохъуэ. Жэуаплыгъэ ин яхь хэхыныгъэхэм хэлэжьыхьыну журналистхэм. Абыхэм къатохуэ хэхыныгъэ кампанэр, хэхыгъуэ махуэхэр зэрекIуэкIым къызыхуэтыншэу, гурыIуэгъуэу жылагъуэр, цIыхухэр щагъэгъуэзэныр, езыхэми хабзэр щыпкъэу яцIыхунымрэ ягъэзэщIэнымрэ. ЕхъулIэныгъэ! Хэхыныгъэ зэIуха, нэIурыт, хабзэр зи лъабжьэ! — псалъэхэмкIэ республикэми, хэхыныгъэ кампанэм хэлэжьыхь дэтхэнэми къехъуэхъуащ Брод Александр.

ТУАРШЫ Ирэ

Проект

КхъухьлъатэтедзапIэ

Къэрэшей-Черкесым и министрхэр, хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат щIыгъуу, хэтащ гъэ кIыхьагъым лажьэ «Архъыз» курортыр транспорт IэмалхэмкIэ Iэгъуэ щIыным теухуа зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей.

Хэплъахэщ Къэрэшей-Черкесым и щIыналъэм транспорт инфраструктурэ проектхэр щыгъэзэщIэным епха упщIэхэм.

КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэр къытепсэлъыхьащ республикэм щаухуэну кхъухьлъатэтедзапIэм и проектыр зэрызэхалъхьэнур зэрагъэбелджылам.

ДяпэкIи пащэнущ

Мэлылым елэжьыныр зи купщIэ проектыр ягъэзащIэкIэрэ, Черкесск къалэм дэта «Кавказ-мясо» заводыр зэрагъэзэхуэжщ, щIэуэ зэтрагъэпсыхьыжри, «Дамате» компанэм и лэжьыгъэр иригъэжьащ.

2023 гъэм къриубыдэу заводым лэжьапIэ къыщагъуэтащ нэрыбгэ 300-м. Проектыр зэрыпхагъэкIрэ, заводми лэжьапIэ IэнатIэ 600 къыщызэIуахащ. ЛэжьапIэщIэхэр къыщагъэщIащ езы заводми, мэлхъуныгъэм телажьэ хъызмэтхэми.

Къэралым и Пашэм Федеральнэ ЗэIущIэм Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщащ мэкъумэш хъызмэтым дэIэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыным дяпэкIи зэрыпащэнур», — телеграм-каналым щетх КъЧР-м и Iэтащхьэм.

Динырыгъуазэ

Лъэпкъхэр, динхэр зэпызыщIэу

Мы гъэм гъатхэпэм и 7-м, республикэ сымаджэщ пщIантIэм къыщызэIуахащ мэжджытрэ члисэрэ. Къыхэгъэщыпхъэщи, апхуэдэр къызэрыхъур закъуэтIакъуэ дыдэщ, чыристан, муслъымэн нэщI мазэхэм я зэхуаку пIалъэшхуэ дэмылъу, зэтехуэу. Апхуэдэ щытыкIэм нэхъри хэIэтыкIарэ гуапэрэ ищIащ мэжджытымрэ члисэмрэ зэщIыгъуу, зы щIыпIэм, нэщI ихьэгъуэм хуэкIуэу къызэрызэIуахар.



Дин Іуэхущ Іапі эхэр къыщызэІуахым хэтащ КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, УФ-м и Федеральнэ ЗэІущІэм ФедерацэмкІэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкІыу хэт сенатор Салпагаров Ахъмэт, УФ-м и Къэрал Думэм ди хэгъуэгум къыбгъэдэкІыу хэт депутат Узденов Солтан, КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, Ищхъэрэ Кавказым и Координационнэ купсэм, КъЧР-м и ДУМ-м я тхьэмадэ, республикэм и муфтий Бердиев хьэжы Исмэхьил, Черкесскрэ Пятигорскрэ я Архиепископ Феофилакт, Парламентым, Правительствэм хэтхэр, динырылажьэ пашэхэр, жылагъуэ Іуэхущ Іэхэр, къалэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ.

КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкІыу, къызэхуэсахэм захуигъэзащ Иванов Александр.

— Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкІа, дин зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэу ди къэралышхуэм щыпсэу цІыхубэм зэщІыгъуу и гуфІэгъуи и нэщхъеягъуи зэдеІэт. Псори зэзышалІэр зы Хэкущ, зы фІыгъуэщ. Сыт щыгъуи зэрыщытащ, зэрыщытщи, цІыхубэр Хэкум и хъумакІуэу зэкъуоувэ, къэралыр щыхуэныкъуэм, — къыхигъэщащ Иванов Александр икІи фІыщІэ яхуищІащ республикэм ислъам, чыристан динхэр мамыру зэрызэдызекІуэм зи фІыщІэшхуэ хэлъ Бердиев хьэжы Исмэхьилрэ владыко Феофилактрэ.

Къызэхуэсахэм ислъам диным тету дыуэ яригъэщІащ Бердиев хьэжы Исмэхьил. Иужьым абы и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ къэралми, хэгъуэгуми щытепщэ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ.

— Ар зи фІыщІэр Урысейм и Президент Путин Владимир и политикэ губзыгъэращ, республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид и елІэлІэныгъэращ. Мэжджытымрэ члисэмрэ зы щІыпІэм деж щыухуэн жэрдэмри аращ къызыбгъэдэкІар. Апхуэдэ гупсысэ хьэлэмэтыр гъащІэм хэзыхьар, ухуэныгъэр зи гуащІэр Темрезов Бориспийщ, — жиІащ динырылажьэ пашэм.

ФІыщІэ псалъэхэм пэджэжу, «Уммэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» Орденым и япэ нагъыщэ зиІэр хуигъэфэщащ Бориспий СулътІан-Хьэмид и къуэм. «Уммэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» Орденым е 2-нэ нагъыщэр хуигъэфэщащ ухуэныгъэм и къызэгъэпэщакІуэу щыта Смородин Сергей. Апхуэдэ ОрденкІэ къыхигъэщащ Батруков хьэжы Къазим.

Къызэхуэсахэм чыристан тхьэлъэІу-дыуэ яригъэщІащ архиепископ Феофилакт икІи фІыщІэ яхуищІащ ухуэныгъэм зи гуащІи, зи мылъкуи езыхьэлІа псоми. А псалъэхэм кІэлъыкІуэу, архиерейскэ ЩІыхь тхьлъыр яхуигъэфэщащ Темрезов Бориспийрэ Смородин Сергейрэ.

Хъуэхъу псалъэхэмкІэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ Аргун Мурат икІи къыхигъэщащ мыпхуэдэ ухуэныгъэ къызэрымыкІуэхэм я мыхьэнэр зэрыиныр.

— ГъащІэ щытыкІэхэм къыхэкІыу, сымаджэщым къыщІохуэ цІыху зэхуэмыдэхэр, я узыншагъэ, я псэ ягъэхъужынымкІэ медицинэ лэжьакІуэхэм ящыгугъыу. Шэч къытесхьэкъым, цІыхум и псэр щызэфІэзэрыхьа апхуэдэ пІалъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ динырылажьэм и гугъэпсэху ущиеми, псалъэхэми, дин Іуэхугъуэ щхьэхуэхэми, нэмэз, дыуэ щІынми.

Республикэм, къэралым я тхьдэр мызэ-мытІэу гъэунэхуныгъэхэм пхыкІащ: пандемие, хамэ къэрал текъуэзэныгъэ, СВО жыпІэми, нэгъуэщІхэри, ауэ а псоми нэхъри быдэу дызэкъуагъэуващ, нэхъри къаруу фІэ дащІащ.

ФІыщІэ фхузощІ мэжджытрэ члисэрэ зы щІыпІэм щыгъэувыным зи гуащІэ езыхьэлІа псоми. Ди щхьэхэр фхудогъэщхъ сымаджэщым и медицинэ лэжьакІуэ псоми, — жиІащ Аргун Мурат.

Къыхэгъэщыпхъэщи, республикэ клиникэ сымаджэщыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапі э нэхъ ин дыдэщ. Абы зы илъэсым нэрыбгэ мин 13-м нэсым я узыншагъэр щызэфІагъэувэж, медицинэм и лэжьакІуэ миным нэс щолажьэ.

ТУАРШЫ Ирэ

ЗэІущІэ

Ялэжьам, къапэщытым

Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид зэІущІэ дригъэкІуэкІащ Росреестрым Къэрэшей-Черкесым щиІэ къудамэм и унафэщІ Батчаевэ Іэминат.

Я гугъу ящІащ ведомствэм мы гъэм илэжьа Іуэхухэмрэ къэкІуэну зэманым къыпэплъэхэмрэ. Зытепсэлъыхьа лъэныкъуэхэм ящыщщ ямыгъэІэпхъуэ мылъкур (недвижимость) зэрыщІатхэмрэ щІыгухэр къызэрагъэсэбэпымрэ. Батчаевэ Іэминат къызэрыхигъэщамкІэ, Росреестрым и хэгъуэгу Управленэр гъерэтыфІэу ядолажьэ къэрал унафэщІ къулыкъухэм, Іуэху къадэзыщІэ структурэхэм, муниципалитетхэм.

Япэми хуэдэу, иджыри нэхъ зэлІалІэр бжыгъэ гъэпсыкІэм (цифровизацэм) техьэнымрэ электроннэ хуэІухуэщІэхэр зэтегъэпсыхьынымрэщ. 2023 гъэм Къэрэшей-Черкесыр гъэлъэгъуэныгъэ псомкІи ипэкІэ кІуэтащ. НэгъуэщІ Іэмалхэм къанэмыщІауэ, ар къыпэкІуащ зыщІэлъэІухэр щагъакІуэкІэ, иджырей хъыбарегъащІэ технологиехэр къызэрагъэсэбэпым, Управленэмрэ МФЦ-хэмрэ зэгурыІуэу зэрызэдэлажьэм.

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ «Национальная система пространственных данных» къэрал программэм и къэухьхэм иту Урысей Федерацэм и Президентым ищІа пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм къыпэкІуэныгъэ зэриІэр.

Къалэну щытщ республикэм и къалэ, къуажэ псори Зыуэ щыт электроннэ картографическэ лъапсэкІэ къызэгъэпэщыныр.

Къэрэшей-Черкесым гъерэтыфІэу къыщамыгъэсэбэп щІыгу Іыхьэхэр убзыхуауэ, ахэр псэупІэ ухуэныгъэм хэгъыхьэным хуэунэтІа лэжьыгъэм адэкІи пащэ.

Зэпсэлъэныгъэм хэтахэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, псэупІэу хэгъуэгум щагъэхьэзырыр гъэ къэси нэхъыбэ мэхъу. 2023 гъэ къудейм ар къызэрымыкІуэ бжыгъэкІэ - процент 20-кІэ хэхъуащ, икІи абы ипкъ иту мы лэжьыгъэ кІуэрабгъум мыхьэнэшхуэ егъуэт.

ПАЩІЭ Хьэдис

«Работа России» — ЖармыкІэ

ЛэжьапІэ къэзылъыхъуэхэм

Жылагъуэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ КъЧР-м и къэрал Управленэм и унафэщІ Къумыкъу Хъызыр республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэм я журналистхэм яІущІащ.

Зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ цІыхухэм лэжьапІэ къахуэгъуэтынымкІэ мы гъэм екІуэкІыну жармыкІэм.

— УФ-м и Президентым и унафэр дгъэзащІэкІэрэ, лэжьапІэншагъэр дгъэмэщІэныр и купщІэу, лэжьапІэ жармыкІэхэр идогъэкІуэкІ. Мы гъэм а хабзэфІым тету, «Ярмарка вакансий» жармыкІэр зэхэтшэнущ. Ар Іыхьитіу гуэшауэ щытынущ. Хэгъуэгу мыхьэнэ зиІэ япэ Іыхьэр Черкесск къалэм дэт, Даур Аслъэн и цІэр зезыхьэ гъуазджэхэмрэ щэнхабзэмрэкІэ колледжым мэлыжьыхьым и 5-м щекІуэкІынущ. Федеральнэ мыхьэнэ зиІэ етІуанэ Іыхьэр мэкъуауэгъуэм и 22-м зэхэтынущ.

Жармыкіэм хэлэжьыхьынущ республикэм и Іуэхущ Іапі э нэхъ ин 26-рэ ищхьэ, Іэщ Іагъэ къыздыщІах ику ит еджапІэ 14-рэ. ЛэжьапІэ къэзылъыхъуэ, лэжьапІэ зыгъэлъагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм къинэмыщІауэ, жармыкІэм хэтынущ студент 1000 хуэдиз, еджапІэхэр къэзыухахэр, СВО-м хэтахэмрэ я унагъуэхэмрэ.

Жармыкіэм и социальнэ Іуэхущ Іэгъущ «Зыуэ щыт Урысей» партыр, профсоюзхэм я Зэгухьэныгъэр, лэжьапІэтхэмрэ промышленникхэмрэ я хэгъуэгу Зэгухьэныгъэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр.

Жармыкіэм хэлэжьыхьыну хуейхэм ящІапхъэр: зыуэ щыт цифровой утыкум, «Работа России» зи фІэщыгъэцІэм, лъэІу тхылъ щагъэлъэгъуэн хуейщ. Хэгъуэгу жармыкІэм и лэжьыгъэр иригъэжьэнущ сыхьэтыр 10-м, — жиІащ Къумыкъу Хъызыр.

Управленэм и унафэщІым къыхигъэщащ нэгъабэ ирагъэкІуэкІа жармыкІэм куэдым лэжьапІэ къызэрыщагъуэтар.

Жармыкіэм хэтыну Іуэхущ Іапі э цІэрыІуэхэм ящыщщ РТИ-р, НВА-р, «Бумфа групп» ООО-р, «Хаммер» фирмэр, «Кавказ-мясо» ООО-р, «Южнэ» агрокомбинатыр, «Сатурн»-р, «Хьэбэз жыпс завод» ОАО-р, нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту лэжьапІэ ванси 120-рэ утыкум кърахьэнущ, лэжьапІэ 600 щагъэлъэгъуэнущ. ЛэжьапІэ хуэныкъуэм зыхэплъэнрэ къызыхихынрэ щигъуэтынущ абдеж.

ЩІалэгъуалэр езыгъэблагъэ еджапІэхэми зыщагъэлъэгъуэнущ жармыкІэ утыкум. Апхуэдэу, жармыкІэм хэлэжьыхьынущ еджапІи 10: СКГА-р, Алиев У. и цІэр зезыхьэ КъЧкъУ-р, технологическэ колледжыр, медколледжыр, «Колледж индустрии питания, туризма и сервиса»-р, нэгъуэщІхэри.

ТУАРШЫ Ирэ

1 ↩ — Жылагъуэ палатэм къикІыу

Зэкъуэтыныгъэр — къалэн пажэщ

КъЧР-м лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкІэ и министр Есенеев Мурат къыхигъэщащ Министерствэр къэрал программэхэр гъэзэщІэным текІ имыІэу зэрытелажьэр, абыкІэ лэжьэгъурэ дэІэпыкъуэгъурэ къулыкъу псори къазэрыхуэхъур, къытепсэлъыхьащ Министерствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Апхуэдэщ щІэблэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу гъэсэныгъэмкІэ акцэхэр, «Межкультурный диалог 2023» зи фІэщыгъэцІэу щыта хэгъуэгукІуэцІ щІалэгъуалэ форумыр, «Іэнэ хъурей» зэІущІэхэмрэ семинархэмрэ, журналист лэжьыгъэ нэхъыфІхэм я гъэунэхуныгъэзэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщІ куэди.

— А псори зытеухуари, я купщІэри республикэм лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щыгъэІэн, щыгъэбыдэнращ. Республикэм и хъыбарегъащІэ Іэмалхэмрэ Министерствэмрэ сыт щыгъуи дызэдолажьэ, — жиІащ Есенеев Мурат.

Чыристан, ислъам динырылажьэ пашэхэм къыхагъэщащ унагъуэ лъабжьэр быдэным дин гъэсэныгъэ къабзэр икъукІэ щхьэпэ зэрыхуэхъур икІи унагъуэ институтымрэ динырыгъуазэмрэ гъусэ зэхуэщІауэ, унагъуэщІэхэр нэхъыбэу къагъэщІынми, зэпыкІыж унагъуэхэр нэхъ мащІэ щІынми хуэгъэлэжьапхъэу.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ власть къулыкъухэм, дин зэгухьэныгъэхэм, жылагъуэ Іуэхущ Іэхэм лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр хэгъуэгум щыщыІэнымкІэ, унагъуэ быдагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ зэфІах лэжьыгъэм, зэдэлэжьэныгъэ кІуэрабгъухэм.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Хэкупсагъэ

Пэжым и телъхьэу

Къэрэшей-Черкесым и гъущІгъуэгу станцэм мафІэгу гъэщІэгъуэн къекІуэлІащ. Ар, Урысейм зыхъумэжыныгъэмкІэ и Министерствэм къыбгъэдэкІа «Сила в правде» урысейпсо акцэм ипкъ иту иутІыпща Іуэхугъуэщ. МафІэгур Черкесск вокзалым къыщыувыІащ. Абы къыщагъэлъэгъуащ Урысейм ІэщэкІэ зэщІэузэдэ и музей купсэм щызэрахьэ Іэмэпсымэхэр.

МафІэгур ди хэгъуэгум къызэрынэсам и щІыхькІэ Черкесск къалэ вокзалым зэІущІэ щрагъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и лІыкІуэхэр, КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и депутатхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, динырылажьэхэр, зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм епха сабий Іуэхущ Іапі эхэм я гъэсэнхэр.

КъекІуэлІахэм захуигъэзащ КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я администрацэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ Хубиев Марат.

— КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ нобэрей Іуэху дахэм кърихьэлІахэм. Щхьэхуэу псалъэ гуапэ вжызоІэ ди хэгъуэгум къекІуэлІа, хэкупсагъэ мыхьэнэ зиІэ мафІэгум и лэжьакІуэхэмрэ абы и унафэщІ, адмирал Гринкевич Александррэ.

Зы цІыхуи зы Іуэхуи тщыгъупщакъым! Ди адэжьхэм я хахуагъэр ди щапхъэу дыкъэтэджащ. Нобэ гъащІэм аргуэру къыдет гъэунэхуныгъэщІэхэр. ИкІи СВО-м хэтхэм зэрахьэ лІыхъужьыгъэм дызэщІеІэтэ, ахэр щапхъэфІ тхуохъу, — жиІащ Хубиев Марат.

Зэхуэсым къекІуэлІахэм къыхагъэщащ тхыдэ фэеплъыр хъумэным, пэжыр наІуэу щытыным мы зэманым мыхьэнэ зэриІэр. Дунейм къыщыхъу зауэ-банэхэм къыдэкІуэу, хъыбар нэпцІхэр зехьэнри нэхъыбэ хъуащ. Мы акцэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэри аращ — цІыхум пэжыр ягъэлъагъунращ.

Къытхуеблэгъа контр-адмирал Гринкевич Александр зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ Черкесск къалэм щыІэ Купсэм и музейм яритащ 149-нэ гвардейскэ миномет полкым и зауэ ныпыр.

Абы хэтуи, «Юнармия» щІалэгъуалэ организацэм хэкупсэ ныбжьыщІэхэр хагъыхьащ.

ЗэІущІэм хэтахэм лъэкІыныгъэ яІащ, а махуэм зауэм ехьэлІа Іэщэ-фащэхэр зрагъэлъагъуну. Вагонибгъу хъу мафІэгу зэпыщІам зэщхьэщыхуауэ гъэлъэгъуэныгъэхэр щагъэхьэзыращ. Абыхэм щыплъагъут Хэку зауэшхуэм щызэрахьа Іэмэпсымэхэр, Урысейм мы зэманым къигъэсэбэп Іэщэ лІэужьыгъуэхэр, зауэ фащэхэр, урысеидзэм и лъэкІыныгъэр, тхыдэ мыхьэнэ зиІэ дэфтэрхэр. Къинэмыщ Іауэ, СВО-м ди сэлэтхэм бийм къыІэщІаха, хамэ къэралхэм Украинэм къыхурагъэхьа Іэщэхэр, пилотыншэу лъатэ пкъыгъуэхэр гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ.

«Сила в правде» зи фІэщыгъэцІэ мафІэгур Москва къалэм и Киевскэ вокзалым мазаем и 23-м къыщежьащ. Ар УФ-м и хэгъуэгу 67-м пхыкІынущи, ТекІуэныгъэм и Махуэм ехъулІэу, майм и 8-м Москва къалэм и Белорусскэ вокзалым екІуэлІэнущ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

ЛэжьапІэщІэхэр

Промышленностым и зэхъуэкІыныгъэхэр

Къэрэшей-Черкесым къыщызэІуаха промышленнэ производствэхэм я фІыщІэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэщіэ 500 къэунэхуащ.

Апхуэдэу, Къэрэшей-Черкесым 2023 гъэр хэгъуэгум и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкІэ промышленностым и зыужьыныгъэм и Илъэсу къекІуэкІати, республикэм промышленнэ производствэм тегъэпсыхьа хэщІапІи 6 къыщызэІуахащ. Ахэр хуэунэтІащ ухуэныгъэ пкъыгъуэхэр къэгъэщІыным, мэкъумэш продукцэм елэжьыным, текстильнэ производствэм, гидроэнергетикэм.

«МафІэгум къызэпич гъуэгуанэри, зэрыкІуэ щІыкІэри гъэщІэгъуэнщ. Апхуэдэу, туристхэм Іэмал яІэщ гъущІ гъуэгум тету махуиблкІэ зыплъыхьакІуэ ежьэну. Апщыгъуэми, абыхэм я нэгу къыщІэувэнущ Урысейм хыхьэ къалибл, абыхэм ящыщу 4-р Ищхъэрэ Кавказым щыІэщ. Нэгъуэщ Іу жыпІэмэ, нэгузыужь гъуэгуанэр апхуэдэу гъэпсащи, махуэм туристыр къалэщІэм щохьэщІэри, жэщым и гъуэгум хегъэщІ. МафІэгур туристхэмкІэ «шэрхъым тет хьэщІэщ» мэхъу», - жиІащ КъЧР-м туризмэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэкІэ и министр Текеев Расул.

Къэршей-Черкесым мафІэгур накъыгъэм (майм) и 11-ращ къыщысынур. ХьэщІэхэм папщІэ нэгузыужь программэ ягъэхьэзыращ, ахэр Домбай ирагъэблэгъэнущ.

Туризм

«Жемчужина Кавказа» зи фІэщыгъэцІэ турист мафІэгур япэу Къэрэшей-Черкесым къеблэгъэнущ. Ди республикэр хагъыхьащ цІэрыІуэ круиз мафІэгур здэхьэщІэну щІыналъэхэм.

«Кавказым и налкъутыр»

Іащ КъЧР-м туризмэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэкІэ и министр Текеев Расул.

Къэршей-Черкесым мафІэгур накъыгъэм (майм) и 11-ращ къыщысынур. ХьэщІэхэм папщІэ нэгузыужь программэ ягъэхьэзыращ, ахэр Домбай ирагъэблэгъэнущ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, экскурсие турыр накъыгъэм и 8-м ирагъэжьэнущ мыпхуэдэ щІыкІэм тету: Тюмень – Екатеринбург – Самарэ – Черкесск – Налшык – Грознэ – Дербент – Самарэ – Екатеринбург – Тюмень жэуэ.

ЧЫРБЫЖ Иринэ

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэту

Сабийр цIыху нэсу къэгъэтэджыныр — хэти и къалэнщ

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ сэнаущрэ лъэкIыныгъэу яIэр сэтей къэщIынымкIэ, абыхэм ядэIэпыкъунымрэ загъэужьынымрэкIэ Черкесск къалэм дэт «Спутник» Купсэм щызэхэтащ хэгъуэгу къулыкъуэзэпх семинар-зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ щIэблэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ епха гупхэм хэмышытIауэ, Iуэху еплъыкIэ ткIий имыIэу, къэрал хабзэм тету икIи и Хэкур фIыуэ илъагъуу къэгъэтэджынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Семинарым и лэжьыгъэм къыхашащ ФСБ-м и республикэ Управленэм, Прокуратурэм, МВД-м, МЧС-м и лIыкIуэхэр, сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэр, зыгъэзащIэ власть къулыкъухэм, муниципальнэ районхэм егъэджэныгъэмкIэ я къудамэхэм, курыт еджапIэхэм, ику ит, ищхьэ щIэныгъэ къыздыщIах, гъуазджэхэм, спортым щрагъаджэ, сабий ибэхэр здыщапI организацэхэм я унафэщIхэр, динырылажьэхэр, жылагъуэ организацэхэм къабгъэдэкIахэр, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я чэнджэщэгъухэр, сабий зеиншэхэр зезыхьэ, зи нэIэ щIэт IэщIагъэлIхэр, адэ-анэхэм я зэгухьэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Утыкум къыщыпсэлъахэм зэпкъраха темэхэр: «Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын. Лъэпощхьэпохэмрэ къалэнхэмрэ»; «КъыдэкIуэтей щIэблэм и жылагъуэ-политикэ еплъыкIэр курыт еджапIэм зэрелъытар»; «Къэрэшей-Черкес Республикэм щыщ цIыкIухэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ящыхъумэн, къэралым зэран хуэхъуну Iуэху еплъыкIэхэр ямыIэу къэгъэтэджын».

Мы Iуэхум ирагъэблэгъахэр пIейтейуэ щIэдэIуащ спикерхэм я къэпсэлъэныгъэхэм. КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм къиIэта темэр хуабжьу узыгъэгумэщIу икIи урипсэлъэнкIэ игъуэ дыдэу гъэпсат.

Псоми къыдгуроIуэ экстремизм и лъэныкъуэкIэ сыт щыгъуи шынагъуэ куэд зэрыщыIэри, убэлэрыгъ зэрымыхъунури. Апхуэдэу щыщыткIэ, атIэ, хэт сыт хуэдэ лъэпкъ дыщымыщми, щытыпхъэщ шыIэныгъэрэ гумызагъагърэ зэхудиIэу, Iэдэбрэ цIыхугъэрэ дяку дэлъу, пщIэ зэхуэтщIу, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм экстремизми терроризми къахэдмыгъахуэу.

Къулыкъузэпх зэIущIэр зэхуащIыжын ипэ, ар езыгъэкIуэкIа щIалэм залым щIэсахэм захуигъазэри жиIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щIалэгъуалэр демыгъэхьэхынымкIэ хэгъуэгум илэжьыну къыпэщылъым и куэдагъым гъуни-нэзи зэримыIэр. Гъэсэныгъэ, узэщIыныгъэ Iуэхухэр псоми ди зэхуэдэ лэжьыгъэу зэрыщытыр къыщыдгурыIуэм деж, сабийхэр цIыху нэсу къэгъэтэджынымкIэ гугъуехьу диIэм кIэрыхунущ.

ЛЫХЬ Тимур

ТхылъыщIэ

Тхыдэр джыным

Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, ди хэгъуэгур и ужь ихьащ еджакIуэхэр зэрырагъэджэну «История нашего края — Карачаево-Черкесская Республика» тхылъыр зэхэгъэувэным.

Егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къэралым и хабзэ зэхэтыкIэм зэхъуэкIыныгъэу халъхьам тещIыхьауэ, е 5-7-нэ классхэм кIуэхэм хэгъуэгум и тхыдэр зэрадж программэм сыхьэт бжыгъэ хущIагъунущ. Я еджэныр къызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ федеральнэ мыхьэнэ иIэу щIэгъэбыда тхылъхэмкIэ.

УФ-м и Президент Путин Владимир ищIа пщэрылъым тету, тхыдэмкIэ хэгъуэгухэм къыдагъэкIыну тхылъым трагъэкIуэдэну ахъшэр къыхагъэкIынущ къэралым и ЛIыщхьэм и гъэтIылъыгъэ фондым.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщI Уэз Мурат иригъэкIуэкIа зэIущIэм щрипсэлъауэ щытащ зи гугъу тщIы къэрал тхылъыр гъэхьэзырыным пыщIа лъэныкъуэхэм.

Ар зэхагъэувэн щIадзащ: дауэдапщэхэр зэрагъэкIуэтэну «гъуэгу картэр» ятхащ, тхылъым и автору щытыну гупым щагъэгъуэзащ Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэмрэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академиемрэ, редакцэ комиссэм хэтынухэри ягъэнэIуащ.

Автор, редакцэ гупым къыхашар Къэрэшей-Черкес къэрал университетымрэ Хъупсырокъуэ Хъызыр и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ я педагогхэмрэ щIэныгъэрылажьэхэмрэщ, курыт еджапIэхэм, ику ит, ищхьэ IэщIагъэ къыздыщIах еджапIэхэм тхыдэмкIэ щезыгъаджэхэрщ.

А псоми къанэмыщIауэ, Президентым и пщэрылъым ипкъ иту, тхыдэмкIэ тхылъыр щагъэхьэзыркIэ зыдагъэIэпыкъуну чэнджэщ къахьащ «Урысей зауэ-тхыдэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ-къэрал организацэр.

Къэрэшей-Черкесыр яхэтщ тхыдэмкIэ тхылъыщIэ къыдэгъэкIынымкIэ федеральнэ Министерствэм зызыщIигъэкъуэну хэгъуэгу 32-м.

АБЫКЪУ Къамырзэ

Адыгэбзэр хъумэным

Іуэрытхым лъэпкъыр зэрегъэубыд

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, адыгэ тхыбзэм и Махуэм ирихьэлIэу, дуней хъурейм щикъухьа лъэпкъыр дызэкъуэзыгъэувэж, дызэрызыгъэубыдыж Іуэху дахэ — адыгэбзэкIэ Іуэрытх тхыным ехьэлIауэ, гъатхэпэм (мартым) и 12-м Черкесск къалэм, республикэм и къулыкъущIапIэхэмрэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ, адыгэ зыщыпсэу хэгъуэгуу хъуам, къэралхэм щекIуэкIащ.

Адыгэ Іуэрытхыр – диктанткIэ дызэджэр, ятхащ зи лъэпкъыбзэр фIыуэ зылъагъу нэхъыжьыфIхэм, щIэныгъэлIхэм, къулыкъущIэхэм, щIалэгъуалэм. Іэмал щыIащ Іуэрытхыр уи унэ ущIэсыжу интернеткIэ птхыфынуи.

— ЖытIэнщи, илъэс бжыгъэ хъууэ дызыхэт, къызэдгъэпэщ мы Іуэхугъуэм, адыгэ Іуэрытхыр тхыным, кIуэ пэтми цIыху нэхъыбэ къызэщIиубыдэурэ макIуэ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Іуэрытхыр щатх Къэрэшей-Черкес, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ищхъэрэ Осетие — Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, адыгэ зыщыпсэу хэгъуэгухэм, къэралхэм.

Къэралыбэ лъэпкъ Іуэхумкіэ къызэщIыдоубыдэ къулыкъущIапIэхэр, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр. Абы дримыгушхуэнкIэ Іэмал иIэкъым. Илъэс еханэ хъууэ къызэдгъэпэщ Къэралыбэ Адыгэ Іуэрытхым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр, и лъабжьэр лъэпкъыбзэр хъумэным дигу зэрыщIэузращ, — къыддэгуэшащ КъЧР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и вице-президент, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат Аслъэнхэ Алий.

Гу зылъытапхъэщи, мы Іуэхугъуэр ди республикэм щегъэкIуэкIыныр, къызэгъэпэщыныр икъукIэ фIагъ хэлъу къызэфIэзыгъэкIыр лъэпкъ Хасэращ.

Мы гъэр Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ унагъуэм и Илъэсу зэрагъэувар Іуэхум къыхалъытэкIэрэ, Іуэрытхыр трауху щ «Адыгэ унагъуэ»-м. И фIэщыгъэцIэу щытари аращ.

Республикэ къалащхьэм дэт лъэпкъ библиотекэм и лъагъу нэхъыжьыфIхэм, щIэныгъэлIхэм, къулыкъущIэхэм, щIалэгъуалэм. Іэмал щыIащ Іуэрытхыр уи унэ ущIэсыжу интернеткIэ птхыфынуи.

ЖКХ-м и лэжьакIуэм и IэщIагъэ Махуэм

Гъатхэпэм и 17-м ЖКХ-мрэ цIыхухэм бытовой хуэIухуэщIэхэр ягъэгъуэтынымрэкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэ Махуэщ.

Жэуаплыгъэ лъагэкIэ

Нобэ нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ жылагъуэм, дэтхэнэ цIыхуми псыншэу, уэздыгъэншэу, хуабэншэу я гъащIэр. Апхуэдэ къабзэщ щхьэщIэщэ, дакIуэ, бзакIуэ, хьэмэм, зыздагъэдахэ, нэгъуэщI IуэхущIапIэ куэду мы къудамэм щылажьэхэм я мыхьэнэри. Апхуэдэ хуэIухуэщIэхэр дэзыгъэгъуэт цIыху гуащIафIэхэщ, псэ хьэлэлхэщ гъатхэпэм и 17-м зи IэщIагъэ Махуэр зыгъэлъапIэ, ЖКХ, бытовой хуэIухуэщIэхэм телажьэхэр.

Ди гуапэщ апхуэдэ махуэ хъарзынэм республикэм и къалащхьэм дахагъэр, къабзагъэр, тыншыгъуэр къыщызэзыгъэпэщ, «Комфортная городская среда» программэм и мыхьэнэр щызу къызыгурыIуэу, жэуаплыгъэ лъагэкIэ зи къалэнхэм бгъэдэт къулыкъум, нэрыбгэм ди псалъэр тедухуэну.

КЪЭЗЭНОКЪУЭ Анзор 2013 гъэм щегъэжьауэ ЖКХ къудамэм щолажьэ, абы щыщу — 2017 гъэм щегъэжьауэ Черкесск къалэ мэрием ЖКХ-мкIэ и Управленэм и унафэщIщ.

— Къалэнхэр мащIэкъым, пщэрылъхэри абыхэм яхуэфэщэнщ. ЦIыху зыщыпсэу дэтхэнэ щIыпIэри къабзэрэ екIуу щытыпхъэщ, ауэ ар республикэ псом и къалащхьэу щыщыткIэ, къалэнри жэуаплыгъэри нэхъыбэщ, шэч хэлъкъым. Абы хохьэж, гъатхэ Іуэхухэри. АтIэ, щIымахуэм гъэкъэбзэныгъэ лэжьыгъэхэр нэхъ мащIэми, гъатхэм псори нэIурыт мэхъури, зыри гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым. Къалэ уэрамхэр, пщIантIэхэр, лъэс зекIуапIэхэр, ухуэныгъэ-зэгъэзэхуэжыныгъэ, жыгхэр пыупщIын, щIэкIэ жьыхэр зэхъуэкIын, уэрамхэр гъэдэхэн… Дэтхэнэри къеббжэкIын хъумэ, кIыхьлIыхьу зишэщIынущ. Хуабэ къызэрыхъужу едгъэжьауэ, светофорхэр догъэкъабзэ, уэрам уэздыгъэхэр апхуэдэщ. Мыхъужынур зыдохъуэкI. Жыг къудамэ гъуахэр пыхыным мы зэманым дыхэтщ. АдэкIэ, нэхъри уэфI, хуабэ къызэрыхъужу, гъэкъэбзэныгъэ лэжьыгъэхэм зедгъэубгъунущ, — я Іуэхухэм дыщегъэгъуазэ Къэзэнокъуэм.

А псори щызэгъэзэхуащ мэриеми, ЖКХ къудамэми. Махуэ къэс ялэжьыну мардэр ягъэнаIуэ, махуэ къэси ялэжьамкIэ къэпщытэжынгъэхэр ящIыж. Нэхъри гулъытэрэ лэжьыгъэрэкIэ я махуэхэр гъэнщIауэ щытынущ хэхыныгъэхэм хуэкIуэу, абы иужькIэ — накъыгъэ махуэщIышхуэхэм зыхуагъэхьэзыру.

— ЦIыхухэр куэдрэ къыщIоупщIэ къалэ уэрамхэм щыпхъэнкIэн къудей мыхъуу, псыIагъэр езыгъэгъуэт, псыутх машинэхэр тедгъэхьэным. Абы дегупсысауэ, техникэр тыдогъэпсыхь. Накъыгъэ махуэщIхэр псыутххэмкIэ къызэIутхынущ, накъыгъэм и 1-м къалэм абыхэм лэжьэн щыщIадзэнущ. Фэеплъхэм, сынхэм, фэеплъ щIыпIэхэм дакIэлъыплъынущ, ТекIуэныгъэм и Махуэм зэредгъэхъулIэным хуэдэу.

ФIыщIэ псалъэкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ гъэкъэбзэныгъэ щIыхьэхуэхэм хэлэжьыхь псори. Мы гъэми апхуэдэщи, къыхэтшэнущ къулыкъущIапIэ, Іуэхущ Iапіэ псори, гудзакъэ зиIэ цIыхухэми лъэныкъуэгъазэ замыщIыну дапоплъэ. Щэбэт щIыхьэхухэр мэлыжьыхьым едгъэжьэнущ, — пещэ Анзор.

Къыхэгъэщыпхъэщи, апхуэдэ щIыхьэхухэр къызэгъэпэщыныр Іуэху псынщIэкъым. Ар егъэкIуэкIыным куэд епхащ. Апхуэдэ зыщ махуэм зэщIакъуа хьэрткъурт, куэншыбхэр къалэм дэшыныр...

— Абы и Іуэхукіэ тыншу дызэфIокI. Прикубан лъэныкъуэмкIэ щыIэ зэхэдзыпIэ куэншыб зэхуэхьэсыпIэм дошэри, тыншу щызэрагъэзахуэ, — къыхегъэщ ди псэлъэгъум.

Гъэмахуэми Іуэхуншэ хъукъым ЖКХ-м и лэжьакIуэхэр. Ежьужьыр, удзыжьыр, узыншагъэм зэран къыхуэзыхьхэр ягъэкъабзэ, акцэ зэхуэмыдэхэр зэхашэ. Апхуэдэщ пщIэкIэ губгъуэжыхапхъэр (амброзиер) гъэкIуэдыныр, а къэкIыгъэм и лъабжьэхэр зы щIыпIэм щызэхуэхьэсыныр, къыхэжаныкIахэр къыхэгъэщыныр. АбыкIэ лэжьыгъэфI илъэс къэси ирегъэкIуэкI Къэзэнокъуэ Анзор зи пашэ къудамэм.

— Гъэкъэбзэныгъэхэм, щэбэт щIыхьэхухэм къадэкIуэу, илъэс къэси хуэдэу, гъэплъыгъуэ пIалъэр зэриухыу и ужь дихьэнущ къыкIэлъыкIуэ пIалъэм зыхуэгъэхьэзырыным.

Дызыхуэкіуэ хэхыныгъэхэм цIыхухэм гу лъезгъэтэну сыхуейт мыпхуэдэ лъэныкъуэми. Волонтерхэр къывбгъэдыхьэнущ, къалэм и щIыпIэ нэхъ гъэдэхапхъэу, егъэфIэкIуапхъэу къэфлъытэр къыхэфхынымкIэ зыкъыфхуагъазэу. Апхуэдэ щIыпIитI дгъэнэIуащ: хытIыгу Щхъуантіэ паркымрэ Красноармейскэ къалэку уэрамымрэ. Онлайн Іэ IэткIи апхуэдэ хэдэхэплъэр дыщI хъунущ. Ари ди къалащхьэр нэхъри дахэрэ екIурэ тщIыным и зы кIуэрабгъущи, гу лъыфтэ.

ЖКХ-м щылажьэ дэтхэнэми и цIэ къыхэбгъэщыну хуэфащэу гуащIафIэщ. Сыхуейт фIыщIэ псалъэкIэ и цIэ исIуэну УЖХ 1, 2, 3-хэм я генеральнэ унафэщI Темыр Щэмел, «Красный Восток» УК-м и унафэщI Ажий Станислав сымэ. Зэгуэрми дыкъаущхьэкIукъым, щэбэт щIыхьэху къэси ди дэIэпыкъуэгъущ, тщIыгъущ.

Псоми сохъуэхъу IэщIагъэ МахуэмкIэ! Узыншэну, бэIутIэIуншэу, цIыхубэм, жылагъуэм сэбэп къыхуахьыныр я гъуазэу! — хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкIэ и лэжьэгъухэм, ЖКХ къудамэм щылажьэ дэтхэнэми захуигъэзащ ди псэлъэгъум.

ТУАРШЫ Ирэ

Къуэш хэгъуэгум къикIыу

Адыгэ Республикэм и Мейкъуапэ районым ит ДыгъакIуэ хуейм — хэгъуэгумкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэм археологхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI.

ДыгъакIуэ хуейр къатIэщI

«ДыгъакIуэ хуейр халъытэ Адыгэ Республикэм и нэхъ теплъафIэрэ зыми емыщхь щIыгу Іыхьэхэм, абдеж къыщыдотIэщI блэкIа жыжьэм и щэху куэд, дяужькIэ къэхъуну щIэблэхэм къащхьэпэжынухэр. Дахэ станицэм и Іэхэлъахэм къриубыдэ, Тхьэр къызэрытхуэупса мы щIыпIэм зыкъомыфI щIащ археологхэри лъахэхутэхэри зэрыщыгъуазэрэ. Хуейм и гъэпсыкIэм и гъэщIэгъуэнагъ нэхъыщхьэу плъытэ хъунущ пасэм псэуа цIыхухэм къащIэна фэеплъ мывэхэмкIэ ар зэрыбейр», — жиIащ Адыгэ Республикэм и IэтащхьэКъумпIыл Мурат.

Мы щIыпIэм япэ къэтIыныгъэхэр XIX-XX лIыщIыгъуэхэм щригъэкIуэкIат тхыдэдж-археолог Фелицын Евгений зи пашэ гупым. Апщыгъуэм щIыкъэтIхэм къагъуэтащ испы уни 100-м нэхърэ нэхъыбэ.

Адыгэ Республикэр нэхъ гъэтIысауэ и ужь ихьэжащ мывэшхуэкIэ щIа унэхэр джыным, абы мылъкуу текIуэдэнур хэгъуэгу бюджетым къыхагъэкIри. Къахутагъэххэ испы уни 10-м къыщагъуэтар домбеякъ лъэхъэнэм къокI: хьэдэ гъэсам и сахуэхэр зэрылъ кхъуэщын кубмыгъэхэр, дыщэхэкIхэр. КъинэмыщIауэ, къыщIагъэщащ XIII-XVI лIыщIыгъуэхэм псэуа пщы лъэпкъ унагъуэр зыщIэлъ Іуащхьэхэр, мывэ лъапIэхэм къыхэщIыкIа пкъыгъуэхэр.

ИджыкIэ археологхэм къахутэ хуейм нэхъ ин дыдэу ит щIыпIэр — гъущI лъэхъэнэм епха Іуащхьэр. Абдеж къыщыщIэкIащ пасэрей псэущхьэхэм я хьэдэ къупщхьэхэмрэ а зэманым къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмрэ: шхуэмылакIи, тхьэгъуши, шыр зэрагъэщIэращIэу щытаи. КъинэмыщIауэ, щIыкъэтIхэм зэрыжаIамкIэ, щIы щIагъым ахэр щыIууащ диным ехьэлIа мыгурыIуэгъуэ нэщэнэ гуэрхэми, адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр аддэ жыжьэу къызэрыщежьэр хьэкъ пщащIу.

«ЩIыкъэтIыныгъэхэм адэкIи пащэ. Археологхэм я къэхутэныгъэхэр зэрызэфIагъэкIыу, а щIыпIэм этнопарк итщIыхьынущ. Ар нэгузыужь туризмэм зэрызедгъэужьым и зы Іэмалу щытынущ. Ди хэгъуэгум и тхыдэ бейр тхъумэкIэрэ, абы куэд щыгъуазэ зэрыхуэтщIыным дыпылъынущ, хуэмхуэмурэ зыдужьынущ», — щIигъужащ хэгъуэгум и лIыщхьэм.

Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ

Узыншагъэр хъумэным

ЛъэкІыныгъэхэм хагъахъуэ

КъЧР-м онкологиемкІэ диспансерым къеблэгъащ Герцен П. и цІэр зезыхьэ МНИОИ-м и къудамэ «НМИЦ радиологии» ФГБУ-м и щІэныгъэрылажьэ нэхъыжь, дохутыр-онколог, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Кострыгин Александр.

КъЧР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ Кипкеевэ Тамарэрэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Маху Зуберрэ ящІыгъуу хьэщІэр купсэм и къудамэхэр зэрылажьэр, оборудованэхэр къызэрагъэсэбэпыр зригъэлъэгъуащ.

ИужькІэ, ахэр ирипсэлъэжащ КъЧР-м узыжьыр зыпкъырытхэм дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъу Іэмалхэм нэхъри егъэфІэкІуэным, узыр къыщыщІагъэща къудейм къыщыщІэдзауэ, сымаджэр зыпхыкІын хуей къэхутэныгъэхэм я зэкІэлъыкІуэкІэр нэхъыфІу гъэпса зэрыхъуным.

Кострыгин Александр уасэфІ хуищІащ диспансерым и лэжьыгъэм. Езыр зыщылажьэ «НМИЦ радиологии» ФГБУ-мрэ ди хэгъуэгум щыІэ онкодиспансерымрэ зэгъэуІуауэ зэрызэдэлажьэр жиІащ. Абыхэм щІэныгъэ-нэІурыт Іуэхугъуэхэр, мастер-классхэр, операцэ хьэлъэхэр зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ.

Кипкеевэ Тамарэ къыхигъэщащ апхуэдэ зэдэлажьэныгъэхэм и фІыгъэкІэ, узыр къыщІэгъэщынымкІэ, еІэзэнымкІэ, технологиещІэхэр къэгъэсэбэпынымкІэ диспансерым и лэжьыгъэр хуабжьу зэрефІэкІуар.

— Ди зэдэлэжьэныгъэм ипкъ иту, федеральнэ купсэшхуэхэм щрагъэкІуэкІхэм хуэдэу, технологие лъагэ зыпылъ операцэхэр ди щІыпІэми щрагъэкІуэкІ. НэгъуэщІ хэгъуэгушхуэхэм кІуэурэ зэзыгъэІэзэхэм я бжыгъэри нэхъ мащІэ хъуащ, —жиІащ министрым и къуэдзэм.

2018 гъэм щІэуэ яухуа, зыхуэныкъуэхэмкІэ, зэманым тегъэпсыхьа оборудованэкІэ къызэгъэпэща диспансерыр республикэм сэбэпышхуэ зэрыхуэхъур хьэкъщ. Узыр къызэрахутэри, абы зэреІэзэхэри абдеж щыбогъуэт. 2019 гъэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэ оборудованэ лъэщу сом мелуан 604,0-рэ и уасэ къащэхуащ. Ахэр къызэтемыуыІэу ягъэлажьэ.

Иужьрей илъэситхум узыжьыр нэхъ щІэх къыщІагъэщ зэрыхъуам къыхэкІыу, а узым и зэранкІэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэри хэщІащ.

Маху Зубер дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, илъэс къэс мыбдеж зыкІэлъызыгъэплъхэр нэхъыбэ хъуурэ макІуэ. Илъэс кІуам, стационарым цІыху 9912-м щеІэзащ. Технологие лъагэхэр къагъэсэбэпкІэрэ, сымаджэ 215-м медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэтащ.

Сымаджэщым къыщагъэсэбэп федеральнэ купсэхэм ящІыгъуу теле-зэпыщІэныгъэмкІэ ирагъэкІуэкІ чэнджэщ-гъэлъэгъуэныгъэ лэжьыгъэхэр. Илъэс кІуам, апхуэдэ зэпыщІэныгъэ 268-рэ щыІащ.

Ди республикэм и онкодиспансерым нэхъри зегъэужьа зэрыхъуным, зытекъуузэн хуей лъэныкъуэхэм зэІущІэм щрипсэлъащ. Федеральнэ купсэмрэ хэгъуэгу диспансерымрэ я зэдэлэжьэныгъэр ягъэбыдэу, республикэм узыжьым пэщІэт къулыкъум и лъэкІыныгъэхэм нэхъри хагъэхъуэну зэгурыІуащ.

АМИРОКЪУЭ Мадинэ

Социальнэ Іуэхущ Іапі э

ФОКыщІэ ящІынущ

Къэрэшей-Черкесым и къалащхьэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ мы гъэм щаухуэнущ метр зэбгъуэзэнатІэ миних къызэщІэзыубыдэ ФОК, республикэм ит спорт ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу.

ФОКыщІэ яухуэнущ къэрал-уней зэдэлэжьэныгъэр ягъэзащІэкІэрэ, инфраструктурэр къэІэтыжынымрэ къызэгъэпэщынымрэкІэ нэхъ гъерэтыфІэу щыІэ Іэмалхэр къыхалъытэкІэрэ.

«Россия» Лъэпкъыбэ гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсым, УФ-м спортымкІэ и министр Матыцин Олег я щыхьэту, КъЧР-м физкультурэмрэ спортымрэкІэ и Министерствэмрэ «Управление спортивными объектами» компанэмрэ мы спорт ухуэныгъэр зэращІынымкІэ зэгурыІуэныгъэ зэдащІащ.

Спорткомплексым хэтынущ гуп щхьэхуэхэм, сабийхэм ятегъэпсыхьа зыпсыхьыпІэ пэшхэр, бассейнхэр, узыншагъэм щхьэпэ псыхуабэхэр къызыщІэж щІыпІэхэр.

ФОК-м хэти кІуэ хъунущ и ныбжьым е зыдихьэх спорт лІэужьыгъуэм емылъытауэ. ИкІи, нэхъыщхьэращи, абдеж узыншагъэкІэ дагъуэ зиІэхэм зыщагъэхъужыну лъэкІыныгъэ яІэнущ. Къалащхьэдэсхэм я дежкІэ спорт комплексыщІэр унагъуэхэм я хущІыхьэгъуэр щагъакІуэ купсэ хъунущ.

«Зи ужь дит проектыр дгъэзащІэкІэрэ, физкультурэмрэ спортымрэ жыджэру етахэм щхьэхуэу къахузэдгъэпэщынущ иджырей зэманым декІурэ щытыкІэфІхэмкІэ къызэгъэпэща ІуэхущІапІэ. Ар, шэчыншэу, Черкесск къалэм щыпсэухэми, абы и хьэщІэхэми яхуэхъунущ гъащІэ узыншэм хуэкІуэным хуач лъэбакъуэ. ЛэжьапІэ ІэнатІэ 80-м нэблагъэ спорткомплексым къызэрыдитынуми мыхьэнэшхуэ иІэщ», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

ЛЫХЬ Тимур

«ЩыІэщ апхуэдэ ІэщІагъэ — Хэкур хъумэн!»

Хэкупсагъэм къыхуагъэуш

«ЩыІэщ апхуэдэ ІэщІагъэ — Хэкур хъумэн!» къыхуеджэныгъэм щІэту, ди республикэм мазэ хъууэ щокІуэкІ хэкупсэ, спорт, зыхъумэжыныгъэ-цІыхубэ Іуэхухэр.

А лэжьыгъэр къыщапщытэжащ. Къэрэшей-Черкесым и къэрал филармонием.

ГуфІэгъуэ дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ Хубиев Марат, КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ туризмэмрэкІэ и комитетым и тхьэмадэ Ганшин Алексей, республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэкІэ и министр Кравченко Иннэ, хабзэхъумэ къулыкъухэм я лІыкІуэхэр, хэкупсэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хэтхэр, районхэмрэ къалэхэмрэ кьикІа еджакІуэхэр.

МахуэщІым къекІуэлІахэм хъуэхъукІэ захуигъэзащ Хубиев Марат.

— ФІыщІэ фхузощІ, хэкупсэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хэта дэтхэнэми. Мы Іуэхум жыджэру пыкъуэкІа еджапІэхэм зауэ-хэкупсагъэ зэщІэхъеныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуэфщІам шэч хэлъкъым. Ди гъунапкъэм къыщыхъуакъэхъуакъэхъукъащІэхэм дыпэІэщІэу щытми, дэтхэнэ еджакІуэми зыуэ щыт ди Іуэхум хэлъхьэныгъэ зэрыхуэфщІыр хьэкъщ. Мы зэманым дызэлъыкъуэтыным, дызэрыІыгъыным мыхьэнэ иІэщ, икІи апхуэдэу дызэрыщытыр гухэхъуэщ, — жиІащ Хубиев Марат.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм щагъэлъэпІащ Медногорск жылагъуэм щыщ, е 7-нэ классым щеджэ Гайваронский Тарас. ЩІалэм, и ныбжьым емылъытауэ, лІыгъэ хэлъу къыщІэкІащ. Абы псы ІущІам итхьэлэ сабийхэр кьригъэлащ. Сабийм зэрихьа гуеигъэм папщІэ къыхуагъэфэщащ «За проявленное мужество» УФ-м и Федеральнэ ЗэІущІэм ФедерацэмкІэ и Советым и фэеплъ медалыр.

Хьэбэз къуажэм дэт, Арэшыкъуэ Р. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм и хэкупсэ щІэблэр, я егъэджакІуэхэр, унафэщІхэр ящІыгъуу

Мы гъэм хэкупсагъэ, зыхъумэжыныгъэ-цІыхубэ, спорт лэжьыгъэм траухуа мазэм ипкъ иту, республикэм Іуэхугъуэ 300 нэс щрагъэкІуэкІащ. Абы хохьэ зауэ, спорт зэхьэзэхуэхэри, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ пшыхьхэри. А лэжьыгъэмкІэ ныбжьыщІэ мин 40 къызэщІрагъэубыдащ.

Лэжьыгъэм хэта дэтхэнэми яхъуэхъуащ Кравченко Иннэрэ Ганшин Алексейрэ. Зэхьэзэхуэм хэтахэм нэхъ жану къахэща еджапІэ гупхэм щІыхь тхылъхэр иратащ. КъинэмыщІауэ, республикэм и муниципальнэ районищым щыІэ егъэджэныгъэмкІэ къудамэхэм я унафэщІхэм фІыщІэ тхылъхэр хуагъэфэщащ. Зауэспорт зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІахэр къапщытэжкІэрэ, нэхъыфІу къалъыта ныбжьыщІэхэм фэеплъ кубокхэр, дипломхэр, медалхэр ираташ.

— Хэкупсэ гъэсэныгъэм сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ идот. Мы гъэри апхуэдэщ. ИкІи, сыхуейщ фІыщІэ яхуэсщІыну мы Іуэхур къыддэзыІыгъ, абы жыджэру хэт ди ныбжьыщІэхэм, лэжьэгъухэм, егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм, военкоматым, ДОСААФ-м, жылагъуэ, зауэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм. Фэ фогъэлъагъуэ ди къэралым и лъэщагъыр, сыт щыгъуи Хэкур хъумэным фыпыкъуэкІыну, дэІэпыкъуэгъу фыхъуну фызэрыхьэзырыр.

Ди республикэм, шэч хэмылъу, щІэблэ узыншэ къыщІохъуэ — ахэр ди къэралым быдэ щыхъуа хабзэхэр зыбгъэдалъхьахэрауэ щытщи. Псоми дощІэ, уи Хэкумрэ уи лъэпкъымрэ ухуэлэжьэным, ар пхъумэным, нэхъ щІыхь зыпылъ Іуэхугъуэ зэрыщымыІэр! — жиІащ Кравченко Иннэ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм зыкъыщагъэлъэгъуащ филармонием и артистхэм.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Щыгъуэ

Ди гум щІыхьауэ дыхуощыгъуэ Батдыев Мустэфа Азрет-Алий и къуэм и щхьэгъусэ

Назифэт

дунейм зэрехыжам папщІэ.

Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм Батдыевэ Назифэт Хьэсанэ и пхъур ягу къинэжынущ цІыху гуапэу, псалъэкІи Іуэхукіи зыкъыпщІэзыгъакъуэу зэрыщытамкІэ. Абы хэлъа хьэл-щэн дахэхэр хуэфІу къыщигъэсэбэпащ зытелэжьа Іуэхум бгъэдэткІэрэ — псэемыблэжу гуащІэ зыхуигъэтІылъа дохутыр ІэщІагъэм деж.

Ди фІэщ мэхъу, къыдалъхуахэм, Іыхьлыхэм я гум а бзылъхугъэр къинэнущ анэ, анэшхуэ гумахэу, фІылъагъуныгъэр къызэбгъкІ щхьэгъусэу.

Хьэсанэ ипхъу Назифэт и фэеплъ нэхур и хэкуэгъухэми ягу ихунукъым.

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Іэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и
ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и
Правительствэм и тхьэмадэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкІэ и Министерствэм и лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ин тщыхъуащ икІи дадощыгъуэ «Къарачай» газетым водителу щылэжьа

ЮРЧЕНКО Георгий Николаевич

игъуэнэмысу дунейм зэрехыжам папщІэ.
Гууэр шэчыгъуафІэ фхуищІ. ХэщІыныгъэ хьэлъэр вдыдогуэш.

«Черкес хэку», «Абазашта», «День республики», «Къарачай», «Ногай давысы» газетхэм щылажьэхэм гущІыхьэ тщыхъуащ илъэс куэдкІэ водителу «Къарачай» газетым щылэжьа

ЮРЧЕНКО Георгий Николаевич

игъуэнэмысу дунейм зэрехыжар.
Дахуощыгъуэ и унагъуэм, къыдалъхуахэмрэ и Іыхьлыхэмрэ.

Къытхуигъэна ІэфІыгъэр...

Адыгэ лъэпкъым ди гъуо, ди щхьэр ину дэзыгъэлъагъуж, икъукІэ дызэрыгушхуэ «Черкес хэку» газетым къытехуащ Дыгъужь Барэсбий и щхьэгъусэ Земфирэ дунейм зэрехыжам ехьэлІа щыгъуэ псалъэхэр. Сыхуейщ а тхыгъэм сэри пысщэну.

СэркІэ хуабжьу гугъущ гукъэкІыжкІэ Земфирэ сытепсэлъыхьыныр. «ГукъэкІыжкІэ» щыжысІэкІэ, ар тщыгъупщэну аракъым. АтІэ, гум къытхуина ІэфІыгъэр куэд мэхъури аращ. Езыр дунейм темытыжми, къытхуигъэна псалъэхэр, и хьэл-щэн дахэхэр, хэлъа цІыхугъэмрэ гуапагъэмрэ, и псэм и хьэлэлагъыр сыт щыгъуи къытщІыгъунущ.

Барэсбийрэ Земфирэрэ зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу, щапхъэгъэлъагъуэ зэщхьэгъусэхэу къызэдэгъуэгурыкІуащ. Гъэсэныгъэ нэс зыхалъхьа бынипІ зэдапІащ: Елдар, Іэсят, Іэминат, Айшэт сымэ. Дэтхэнэми ищхьэ щІэныгъэ ирагъэгъуэтащ, гъащІэм лъэ быдэкІэ хэуващ, увыпІэ екІу щаІыгъщ.

Хьэдрыхэ кІуэм зыри здихькъым, дунейм щыхузэфІэкІаращ дыщІалъхьэжыр. И ахърэтыр фІы ухъу, ятІэу телъыр дыщэ пщІащэ Тхьэм трищІыхь. ДунеягъэкІэ Тхьэм къимыгъэхъуапсэкІэ.

Уэ, Барэсбий, бынкІэ, узыншагъэкІэ гукъеуэ уимыІэу, ныбжькІэ къыпщІыхьэ щымыІэу, Тхьэшхуэм дяпэ куэдрэ уригъэт!

Унагъуэр фІыщэу фызылъагъу ДЫГЪУЖЬ Лерэ

Спорт

Ди щІалэхэм я текІуэныгъэхэр

Мы махуэхэм Дагъыстаным щекІуэкІа, спортсмен 700 здыщыгъэпэщІэта, грэпплингымкІэ «dcc championshipe» Урысейпсо мастер спорт зэхьэзэхуэм япэ увыпІэкІэ къыхэжаныкІащ зи хьэлъагъыр килограмм 59-рэ хъууэ утыкум зыкъыщыгъэлъэгъуа, зи ныбжьыр илъэс 14-15 хъухэм яхэта Жыр Рамил *(сурэтым ику итыр).*

Мы текІуэныгъэр Рамил и япэ ехъулІэныгъэкъым. ЩІалэм и ныбжьыр здынэсам хузэфІэкІагъэхэщ Къэрэшей-Черкес Республикэм, Ищхъэрэ Кавказ хэгъуэгум, уеблэмэ Урысейм дежи бжьыпэр щыгъэІэригъыхьэн, призёр щыхъун.

КъинэмыщІауэ, мы зэпеуэм етІуанэ увыпІэкІэ къыхэщахэм ящыщщ Гусхэ Рамил (зи хьэлъагъыр кг. 46-рэ, зи ныбжьыр илъэс 12 -13 гуп), ещанэ хъуащ Нэхущ Рахим (зи хьэлъагъыр кг. 63-рэ, зи ныбжьыр илъэс 16-17 гуп).

НыбжьыщІэхэм я гъэсакІуэщ Іуэху зэхэщІыкІ ин зыбгъэдэлъ КІэмрыгу Рустам.

Зи ныбжьыр илъэс 13-14 хъу, 2010-2011 гъэхэм къалъхуа спортсмен ныбжьыщІэхэр зыхэта, боксымкІэ Къэрэшей-Черкес Республикэм пашагъэр къыщыхьыным хуэгъэза зэпеуэ гъатхэпэм (мартым) и 5-9 махуэхэм Прикубан районым хыхьэ Дружбэ жылагъуэм щекІуэкІащ.

Хьэбэз районым щыщ боксер ныбжьыщІэ Гъуэзджэш Аслъэн къыхэжаныкІащ а зэпеуэм япэ увыпІэкІэ. Аслъэн зыкъыщигъэлъэгъуащ зи хьэлъагъыр килограмм 63-рэ хъу гупым хэту. ИригъэкІуэкІащ зэпэщІэтыныгъищ, дэнэ дежи Іуэху зэхэщІыкІ зыбгъэдэлъ боксеру зыкъигъэлъэгъуащ. ИкІи, япэ увыпІэр, дыщэ медалыр къилъэщащ.

ныбжьыщІэр зыгъасэр КІытІэ Мухьэмэдрэ Дэмэлей Беслъэнрэщ.

Зыгъэхьэзырар
АБИДОКЪУЭ Люсанэщ

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщІапІэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкІэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщІэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащІэ технологиехэм, цІыхубэ коммуникацэхэм кІэлъыплъынымкІэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыІэм щыщІатхащ. Зэрыщ1атха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кІэ къыщІедзэ.

ФщІэн папщІэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм, цІэ-унагъуэцІэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыІэрыхьэр къанэ щымыІэу тридзэну, Іэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищІыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкІ бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикКІэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкІхэм яІэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ, корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ